# Turizm, mádeniyat, mádeniy miyras hám sport tarawların bunnan bılay da rawajlandırıw ushın qosımsha sharayatlar jaratıw haqqında

Image not found or type unknown

**Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń pármanı**

Turizm, mádeniyat, mádeniy miyras hám sport baǵdarlarında infrastrukturanı jedel rawajlandırıw, obektlerden nátiyjeli paydalanıw, xalıqqa qolaylı sharayatlar jaratıw, sonday-aq, Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2021-jıl 6-apreldegi «Turizm, sport hám mádeniy miyras tarawlarında mámleketlik basqarıw sistemasın bunnan bılay da jetilistiriw ilajları haqqında»ǵı PP-6199-sanlı pármanı hám 2021-jıl 6-apreldegi «Turizm hám sport ministrligi jumısın shólkemlestiriw haqqında»ǵı PQ-5054-sanlı qararına muwapıq:

Sonday tártip ornatılsın, oǵan muwapıq 2022-jıl 1-yanvardan 2023-jıl 1-yanvarǵa shekem turizm jumısı subektleri hám aviatasıwshılardıń sırt ellerden Ózbekstanǵa charter reyslerin shólkemlestiriw boyınsha qárejetleriniń bir bólegi hár bir sırt el turisti ushın, ol respublika aymaǵında keminde bes sutka qonıp qalǵan jaǵdayda, 10 AQSh dolları, qıs máwsiminde (20-noyabrden 20-fevralǵa shekem) bolsa 25 AQSh dolları muǵdarında Mámleketlik byudjet qarjıları esabınan qaplap beriledi.
2022-jıl 1-maydan baslap jaslardıń isbilermenlik baslamaların qollap-quwatlaw maqsetinde Mámleketlik byudjetten Turizm hám sporttı qollap-quwatlaw qorına ajıratılatuǵın qarjılar esabınan hár bir intakerge 50 million sum muǵdarında, jámi 10 milliard sumǵa shekemgi grantlar ajıratılatuǵını belgilensin. Onda:
grant qarjıları onlayn tólemlerdi qabıl etiwshi zamanagóy veb-sayt jaratıwǵa, sırt ellerdegi turizm kórgizbeleri menen yarmarkalarında qatnasıwǵa qaratıladı;

grant qarjıları belgilengen tártipte sırt ellerden Ózbekstan Respublikasına úsh jıl dawamında keminde 200 sırt el turistleri ushın tur shólkemlestiriw shárti menen ajıratıladı.

Bas ministrdiń orınbasarı A.A.Abduxakimov 2022-jıl 1-martqa shekem jas isbilermenlerge grant ajıratıw tártibin tastıyıqlasın.

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2021-jıl 25-avgusttaǵı «Ulıwma awqatlanıw hám turizm tarawların qollap-quwatlawdıń qosımsha ilajları haqqında»ǵı PQ-5232-sanlı qararına muwapıq, Turizm hám sporttı qollap-quwatlaw qorınıń tiykarǵı finanslıq dáregi bolıp esaplanǵan turistlik (miymanxana) jıyımın esaplaw hám tólew 2021-jıl 1-sentyabrden toqtatılǵanlıǵı maǵlıwmat ushın qabıl etilsin.
Qarjı ministrligi (T.A.Ishmetov) 2022-jıl 1-fevraldan 2023-jıl 1-yanvarǵa shekem Turizm hám sporttı qollap-quwatlaw qorına hár ayda 2,5 milliard sum muǵdarındaǵı qosımsha transfertler Mámleketlik byudjetten ajıratılıwın támiyinlesin.

Turizm hám sport ministrligi (A.A.Abduxakimov):
a) usı pármannıń 3-bántine muwapıq ajıratılıp atırǵan qarjılardı Turizm hám sporttı qollap-quwatlaw qorınıń qarjılarınan paydalanıw tártibinde belgilengen maqsetler, sonıń ishinde, aymaqlardaǵı potenciallı turizm obekti hám orınların dáslepki ilajlardı kórgen halda turistler keliwi ushın tayarlaw hám olardı úgit-násiyatlaw, sırt el turizm hám sport yarmarkalarında, kórgizbelerde, joybarlar hám baǵdarlamalarda qatnasıw, ministrlikler hám onıń aymaqlıq bólimleri xızmetkerlerin materiallıq xoshametlew hám sociallıq qollap-quwatlaw ushın qaratılsın jáne olardan durıs hám nátiyjeli paydalanılıwı ústinen qatań qadaǵalaw ornatsın.

Onda, Turizm hám sporttı qollap-quwatlaw qorınıń qarjıları esabınan Turizm hám sport ministrligi jáne onıń aymaqlıq bólimleriniń xızmetkerlerin qosımsha xoshametlew olardıń jumıs nátiyjeliligi (KPI) hám erisilgen tabıslarına qarap ámelge asırıladı;

b) Turizm hám sporttı qollap-quwatlaw qorına qarjılar túsiwi hám olardan paydalanılıwı haqqında hár sherekte Qarjı ministrligine esabat berip barsın.

Turizm hám sport ministriniń orınbasarı Z.O.Kazakov Turizm hám sporttı qollap-quwatlaw qorına qarjılar túsiwi hám olardan paydalanılıwı haqqındaǵı esabatlardı dúziw hám beriw boyınsha jeke juwapker ekenligi belgilep qoyılsın;

v) Qarjı ministrligi menen birgelikte bir ay múddette «2022-jıl ushın Ózbekstan Respublikasınıń Mámleketlik byudjeti haqqında»ǵı nızamǵa usı pármannan kelip shıǵatuǵın ózgerisler hám qosımshalar kirgiziw boyınsha Ministrler Kabinetine usınıs kirgizsin.

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń ayırım hújjetlerine 1-qosımshaǵa muwapıq ózgerisler hám qosımshalar kirgizilsin.
Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń ayırım hújjetleri 2-qosımshaǵa muwapıq óz kúshin joyıtqan dep esaplansın.
Usı pármannıń orınlanıwın qadaǵalaw Ózbekstan Respublikası Bas ministri A.N.Aripovqa

hám Ózbekstan Respublikası Bas ministriniń orınbasarı A.A.Abduxakimovqa júklensin.

**Ózbekstan Respublikası**

**Prezidenti** **Sh.MIRZIYoEV**

**Tashkent qalası,**

**2022-jıl 15-yanvar**